

# Rekòman- dasyon & Konsèy pou Mask



## Rekòmandasyon pou Mask

- Tout elèv yo, pèsònèl la, ak vizitè yo dwe pote yon mask ki apwopriye oubyen kouvèti figi pandan yo andedan yon batiman CPS, pandan yo abò transpò CPS la, oubyen a mwens < 6 pye (180 cm) de yon lòt moun deyò a.
- Mask yo dwe kouvri nen an, bouch la ak manton on.
- Fanmi yo dwe voye 1 oubyen plis mask anplis pou lekòl la, ansanm avèk sachè plastik, nan ka pitit ou a bezwen chanje mask li a pandan jounen an.

## Mask yo disponib nan CPS

- Lekòl CPS yo ak bis yo pral genyen bakòp, mask wot-kalite nan gwozè timoun ak adilt si yo bezwen.
- Lekòl yo pral ede fanmi yo ki genyen tout difikilte pou jwenn yo.

## Lave & Reyitilize

- Si ou chwazi yon mask jetab, tip chiriji, li kapab remete tototan li pa domaje vizibleman. Aprè itilizasyon, mete tip mask sa nan yon sak an papye avèk yon dat sou li nan fen jounen an. Mask la kapab aprè sa chire semèn ki swiv la.
- Si ou chwazi yon mask an twal oubyen ekran fasyal, tanpri lave yo chak jou epi mete etikèt sou yo pou evite konfizyon.

**Si pitit ou a genyen yon rezon medikal oubyen ki gen rapò ak andikape ki fè yo pa kapab mete yon mask nan lekòl la,** tanpri kontakte jesyonè ka IEP yo a oubyen moun de kontak pou Plan 504 oubyen Plan Sante Endividyèl (504 Plan or Individualized Health Plan) yo a.

- Si yo pa genyen aktyèlman youn nan eleman ki anlè yo, tanpri jwenn yon lèt nan men doktè pitit ou a epi kontakte Direktè lekòl la pou diskite sa ankò.
- Si pitit ou a pa kapab pote yon mask, tanpri gade si yon ekran fasyal oubyen yon chapo avèk vizyè tache ta fonksyone kòm yon altènativ. Si ou bezwen ede jwenn opsyon sa yo, lekòl la kapab ede.



135 BERKSHIRE STREET  
CAMBRIDGE, MA 02141  
617.349.6400  
WWW.CPSD.US

# Chwazi yon Mask



## Otorize

- **Mask yo varye nan dizay yo, donk jwenn youn ki kapab mete se sa ki pi enpòtan pou timoun yo.** Si mask yo mete a difisil, teste yo epi pratike avèk plizyè tip mask diferan pou jwenn youn ke pitit ou an ap kapab pote pandan tout jounen an.
- **Sa espesyalis yo rekòmande:** Yon mak mask chiriji ki wotman pwotektif avèk bon jan respirasyon, ki rele mask AirQueen yo. Yo kapab achte yo nan [airqueen.com](http://airqueen.com).
- **Ekran fasyal yo** mwens pwotektif pase yon mask, men elèv ki genyen twòp difikilte avèk yon mask regilye ankouraje pou eseye yo. Chape avèk yon vizyè transparan, ki sèvi tankou yon boukliye, ofri plis pwoteksyon pase si pa t gen mask ditou.
- Mask an tisi yo varye an kalite ak nan nivo pwoteksyon. Pou pi bon efikasite,
  - **Ajisteman:** Meyè ajisteman souvan rive fèt avèk mask ki gen fòm-kón oubyen fòm koup ki fèmen byen sou kote vizaj ou e ki pa touche bouch ou. Yon band metal ki ka pliye nan pon nazal la kenbe mask la anplas epi fèmen espas ki anba je yo.
  - **Konfòtab:** Ou ta dwe kapab respire byen fasil avèk mask ki byen ajiste a.
  - **Filtrasyon:** Chache sa ki genyen de (2) oubyen (3) kouch tisi. Mask la dwe ase epè ki lakoz ou p'ap ka wè anyen atravè li.



## Pa otorize

- Mask avèk valv yo danjere pou lòt moun yo epi yo pa kapab mete amwen ke yo kouvri pa yon dezyèm mask kalite chiriji.
- Bandana yo, gèt yo, ak mask an twazon ou an triko pa tèlman rete an plas, yo pa twò efikas e yo pa dwe mete yo.
- Fèt antansyon ak mask kontrefason yo ansanm avèk mask fèb kalite yo, patikilyèman sa yo ki disponib sou eBay ak Anazon yo.

## Mete yon mask

- Antrene yon jan pou kenbe yo nan figi ak anplas avèk pitit ou an avan lekòl la kòmanse.
- **Pou jwenn yon bon ajisteman, eseye divès pwotèj zòrèy velcro** ki ka regle ki fè viwonn tèt la pandan yo tache nan bouk orèy yo.
- **Mask ki mare pa dèyè** kapab atenn egalman yon pi bon ajisteman, epi genyen mask tisi ki genyen bouk orèy ki kapab ajiste, egalman.
- **Moun ki pote linèt yo:** Pote linèt anwo yon mask pou redui bwe.